ISSN 2181-9297

Doi Journal 10.26739/2181-9297

# СЎЗ САНЪАТИ ХАЛҚАРО ЖУРНАЛИ

7 ЖИЛД, 3 СОН

# МЕЖДУНАРОДНЫЙ ЖУРНАЛ ИСКУССТВО СЛОВА

ТОМ 7, НОМЕР 3

# INTERNATIONAL JOURNAL OF WORD ART

VOLUME 7, ISSUE 3

ТОШКЕНТ-2024

# СЎЗ САНЪАТИ ХАЛҚАРО ЖУРНАЛИ

МЕЖДУНАРОДНЫЙ ЖУРНАЛ ИСКУССТВО СЛОВА | INTERNATIONAL JOURNAL OF WORD ART

№3 (2024) DOI http://dx.doi.org/10.26739/2181-9297-2024-3

**Бош муҳаррир:**
**Тўхтасинов Илхом**
п.ф.д., профессор (Ўзбекистон)

**Бош муҳаррир ўринбосари:**

**Главный редактор:**
**Тухтасинов Илхом**
д.п.н., профессор (Узбекистан)

**Заместитель главного редактора:**

**Editor in Chief:**
**Tuhtasinov Ilhom**
DSc. Professor (Uzbekistan)

**Deputy Chief Editor**

## ТАҲРИРИЙ МАСЛАҲАТ КЕНГАШИ

**Назаров Бахтиёр**
академик. (Ўзбекистон)

**Якуб Умарўғли**
ф.ф.д., профессор (Туркия)

**Алмаз Улви Биннатова**
ф.ф.д., профессор (Озарбайжон)

**Боқиева Гуландом**
ф.ф.д., профессор (Ўзбекистон)

**Миннуллин Ким**
ф.ф.д., профессор (Татаристон)

**Маҳмудов Низомиддин**
ф.ф.д., профессор (Ўзбекистон)

**Керимов Исмаил**
ф.ф.д., профессор (Россия)

**Жўраев Маматқул**
ф.ф.д., профессор (Ўзбекистон)

**Куренов Рахиммамед**
к.ф.н. (Туркманистон)

**Кристофер Жеймс Форт**
Мичиган университети (АҚШ)

**Умархўжаев Мухтор**
ф.ф.д., профессор (Ўзбекистон)

**Мирзаев Ибодулло**
ф.ф.д., профессор (Ўзбекистон)

**Болтабоев Ҳамидулла**
ф.ф.д., профессор (Ўзбекистон)

**Дўстмуҳаммедов Хуршид**
ф.ф.д., профессор (Ўзбекистон)

**Лиходзиевский А.С.**
ф.ф.д., профессор (Ўзбекистон)

**Сиддиқова Ирода**
ф.ф.д., профессор (Ўзбекистон)

**Шиукашвили Тамар**
ф.ф.д. (Грузия)

**Туробов Бекпулат**
масъул котиб, PhD, доцент
(Ўзбекистон)

## РЕДАКЦИОННЫЙ СОВЕТ

**Назаров Бахтиёр**
академик. (Узбекистан)

**Якуб Умар оглы**
д.ф.н., профессор (Туркия)

**Алмаз Улви Биннатова**
д.ф.н., профессор (Азербайджан)

**Бакиева Гуландом**
д.ф.н., профессор (Узбекистан)

**Миннуллин Ким**
д.ф.н., профессор (Татарстан)

**Махмудов Низомиддин**
д.ф.н., профессор (Узбекистан)

**Керимов Исмаил**
д.ф.н., профессор (Россия)

**Джураев Маматкул**
д.ф.н., профессор (Узбекистан)

**Куренов Рахыммамед**
к.ф.н. (Туркменистан)

**Кристофер Джеймс Форт**
Университет Мичигана (США)

**Умархаджаев Мухтар**
д.ф.н., профессор (Узбекистан)

**Мирзаев Ибодулло**
д.ф.н., профессор (Узбекистан)

**Балтабаев Хамидулла**
д.ф.н., профессор (Узбекистан)

**Дустмухаммедов Хуршид**
д.ф.н., профессор (Узбекистан)

**Лиходзиевский А.С.**
д.ф.н., профессор (Узбекистан)

**Сиддикова Ирода**
д.ф.н., профессор (Узбекистан)

**Шиукашвили Тамар**
д.ф.н. (Грузия)

**Туробов Бекпулат**
отв. секретарь, PhD, доцент
(Узбекистан)

## EDITORIAL BOARD

**Bakhtiyor Nazarov**
academician. (Uzbekistan)

**Yakub Umarogli**
Doc. of philol. scien., prof. (Turkey)

**Almaz Ulvi Binnatova**
Doc. of philol. scien., prof. (Azerbaijan)

**Bakieva Gulandom**
Doc. of philol. scien., prof. (Uzbekistan)

**Minnulin Kim**
Doc. of philol. scien., prof. (Tatarstan)

**Mahmudov Nizomiddin**
Doc. of philol. scien., prof. (Uzbekistan)

**Kerimov Ismail**
Doc. of philol. scien., prof. (Russia)

**Juraev Mamatkul**
Doc. of philol. scien., prof. (Uzbekistan)

**Kurenov Rakhimmamed**
Ph.D. Ass. Prof. (Turkmenistan)

**Christopher James Fort**
University of Michigan (USA)

**Umarkhodjaev Mukhtar**
Doc. of philol. scien., prof. (Uzbekistan)

**Mirzaev Ibodulla**
Doc. of philol. scien., prof. (Uzbekistan)

**Boltaboev Hamidulla**
Doc. of philol. scien., prof. (Uzbekistan)

**Dustmuhammedov Khurshid**
Doc. of philol. scien., prof. (Uzbekistan)

**Lixodzievsky A.S.**
Doc. of philol. scien., prof. (Uzbekistan)

**Siddiqova Iroda**
Doc. of philol. scien., prof. (Uzbekistan)

**Shiukashvili Tamar**
Doc. of philol. scien. (Georgia)

**Turobov Bekpulat**
PhD Ass. prof. Senior Secretary
(Uzbekistan)

Pagemaker | Верстка | Саҳифаловчи: Хуршид Мирзахмедов

**Контакт редакций журналов. www.tadqiqot.uz**
ООО Tadqiqot город Ташкент,
улица Амира Темура пр.1, дом-2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; E-mail: info@tadqiqot.uz
Тел: (+998-94) 404-0000

**Editorial staff of the journals of www.tadqiqot.uz**
Tadqiqot LLC The city of Tashkent,
Amir Temur Street pr.1, House 2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; E-mail: info@tadqiqot.uz
Phone: (+998-94) 404-0000

# МУНДАРИЖА | СОДЕРЖАНИЕ | CONTENT

**1. Yulbarsov Ochilbek Obidjon o‘g‘li**
KORPUS TAHLILI ASOSIDA KORONAVIRUS (COVID-19) SO‘ZINING LEKSIK-SEMANTIK TADQIQI……...5

**2. Jabborov Erkin Xolliyevich**
TASVIRIY SAN’AT TA’LIMIGA OID KOMPETENSIYAVIY YONDASHUVNING PEDAGOGIK VA PSIXOLOGIK MAZMUNI……………………………………………………………………………………10

**3. Шукурова Азиза Хайруллоевна**
САРИОСИЁ ТОЖИК ЛАҲЖАЛАРИДА ТУРКИЙ СЎЗЛАРНИНГ ҚЎЛЛАНИЛИШИ ВА УЛАРНИНГ ЛЕКСИК-СЕМАНТИК ХУСУСИЯТЛАРИ…………………………………………………………………...15

**4. Ювашева Шоира Махамадовна**
ПЕРЕВОДЧЕСКИЙ АСПЕКТ КУЛЬТУРНО-МАРКИРОВАННОЙ ЛЕКСИКИ……………………………..21

**5. Tagaeva Sayyora Ulashevna, Urazqulova Aziza**
HOZIRGI ZAMON NEMIS TILI LINGVO DIDAKTIK SISTEMASIDA INGLIZ TILIDAN O’ZLASHTIRILGAN ATAMALAR VA ULARNING STRUKTUR SEMANTIK XUSUSIYATLARI……………...26

**6. Лизахан Уразмбетова**
АКТЁРЛЫҚ ШЕБЕРЛИГИН ӨЗЛЕСТИРИЎДЕ ГҮЗЕТИЎ ШЫНЫҒЫЎЛАРЫ…………………………………31

**7. Yuldasheva Dilshoda Musayevna**
FRANZ BOAS, EDWARD SAPIR AND LEONARD BLOOMFIELD AS FOUNDERS OF AMERICAN STRUCTURALISM…………………………………………………………………………………....35

**8. Nuritdinova Shahnoz Sadridinovna**
BOLALAR SHE’RIYATIDA BADIIY IFODA AN’ANASI VA TAKOMILI..............................................................40

**9. Комила Мамадиёрова**
ПОЭТОНИМЛАРНИНГ ФУНКЦИОНАЛ ВАЗИФАЛАРИ..........................................................................................47

**10. Минҳожиддин Ҳожиматов**
МИЛЛИЙ ХАРАКТЕР ШАКЛЛАНИШИДА ҚАДРИЯТ, АНЪАНАЛАР ВА ФОЛЬКЛОР АСАРЛАРИНИНГ АҲАМИЯТИ.........................................................................................................................................53

**11. Shukurov Uktam Baxodirovich**
EXPLORING THE IMPACT OF MOTIVATION AND PROFICIENCY ON PRAGMALINGUISTIC AWARENESS IN SECOND LANGUAGE LEARNING..........................................................................................................63

**12. Лазиза Джиянбаева**
РАНГЛАР БИЛАН БОҒЛИҚ СТЕРЕОТИПЛАРНИНГ ТИЛ БИРЛИКЛАРИГА ТАЪСИРИ.........................................................................................................67

**13. Khalova Maftuna Abdusalomovna, Kayumova Gulsanam Sadriddin qizi**
IN THE STORY "HELP TELEPHONE" BY KHAYRIDDIN SULTONOV. REFLECTION OF LIFE EVENTS…….75

**14. Shamsiyeva Gulshoda Asliddin qizi**
LINGUISTIC BASIS OF PARALLEL CORPUS IN THE CREATION OF MT MODELS FOR UZBEK-ENGLISH LANGUAGES……………………………………………………………………………………81

**15. Nazokat Kuvondiq qizi Sadullayeva, Barnoxon Abdulazizovna Pulatova**
ABDULRAZZOQ GURNAHNING “PARADISE” (“JANNAT”) ROMANIDA DINIY VA DUNYOVIY MUSHTARAKLIK…………………………………………………………………………………87

**16. Ziyadullayev Abubakir Ibodulla o’g’li**
ALFRED DE MYUSSENING “ASR FARZANDINING DIL IZHORI” ASARINING POETIK TAHLILI…………..92

**17. Абулкасимова Нодира Мирзакаримовна**
ОСОБЕННОСТИ ФУНКЦИОНИРОВАНИЯ ЭВФЕМИЗМОВ В ХУДОЖЕСТВЕННЫХ ТЕКСТАХ…………...96

**18. Gulchehrahon Rahmanova**
OILADA BOLALAR MULOQOT MADANIYATINI TARBIYALASHNING MAVJUD HOLATI………………..102

**19. Bumatova Aidaxon Merganovna**
HOFIZ: PIRI MUG‘ON BANDASI…………………………………………………………………………….108

**20. Фозилжон Шукуров**
ТЕМУРИЙ ҲУКМДОРЛАР ДАВРИДА МОВАРОУННАҲР АДАБИЙ МУҲИТИНИНГ РИВОЖИ..................113

**21. Mirzoyeva Yulduz Yusup qizi**
BADIIY JANRLAR TAHLILI (“MING BIR KECHA” ASARI SHE’RIY MATNLARI ASOSIDA)………………120

**22. Xasanova Gulrux Xayrullayevna**
NOVERBAL VOSITALARNING KELIB CHIQISHI VA RIVOJLANISHI..............................................................125

**23. Озодахон Мусаева**
ЭРКИНОЙ СУЛТОНОВА ШЕЪРЛАРИНИНГ ЛИНГВОСТИЛИСТИК ТАДҚИҚИ...........................................129

**24. Умитой Хушвақтова**
ЁЗУВЧИ ЗУЛФИЯ ҚУРОЛБОЙ ҚИЗИ АСАРЛАРИДА ПАРАЛИНГВИСТИК ВОСИТАЛАР.......................139

**25. Минҳожиддин Ҳожиматов**
ҲАЛИМА ХУДОЙБЕРДИЕВА ШЕЪРИЯТИДА МИЛЛИЙ ЎЗЛИК ТУЙҒУСИНИНГ ФАЛСАФИЙ – ТАРИХИЙ ТАЛҚИНИ.........................................................................................................................146

**26. Исмоил Хусаинов**
САМАРҚАНД БОЛАЛАР ФОЛЬКЛОР РАҚСЛАРИНИНГ МУСИҚА САНЪАТИ БИЛАН УЙҒУНЛИГИ......154

**27. Abdullayeva Shahnoza Rahimjon qizi**
FUNCTIONAL ANALYSIS OF REPRESENTATION AND DISTRIBUTION OF THE MEANING IN CONTEXT.........................................................................................................................161

**28. Saidova Rayhon Bekmurodovna**
QADIMGI SHARQ VA G‘ARB ADABIYOTIDA SHE'RSHUNOSLIK HAQIDAGI QARASHLARNING O‘ZIGA XOSLIKLARI.........................................................................................166

**29. Ачилова Озода Фарходовна**
БУЙРУҚ МАЗМУНИДАГИ МАҚОЛЛАРНИНГ МАЗМУН КЎЛАМИ ВА ИФОДА УСУЛЛАРИ (япон ва ўзбек тиллари мисолида)………………………………………………………………………………171

**30. Sajid Valiya Valappil**
O‘ZBEKISTONDAGI Z AVLODINING KUNDALIK HAYOTIDA TIL DINAMIKASI TAHLILI: KOD ALMASHTIRISH VA JARGON (SLENG)…………………………………………………………………………176

**31. Soatova Yulduz**
BOBUR SHE’RIYATIDA “GO‘ZALLIK” TUSHUNCHASINING YUZ TASVIRI ORQALI IFODA ETUVCHI VOSITALARNING LEKSIK-SEMANTIK TAHLILI..................................................................183

**32. Malika Islamova**
TELEVIDENIYEDA TELEPRODYUSERNING FUNKSIYASI: ASOSIY YO’NALISHLARI, IJODIY HAMDA MOLIYAVIY BOSHQARUVI.........................................................................................189

**33. Nurmuxammedov Yusuf Shakarboyevich**
TURLI TIZIMLI TILLAR FRAZEOLOGIK BIRLIKLARIDA GAVDALANGAN “TAQDIR” KONSEPTINING KONSEPTUAL TAHLILI..........................................................................................194



ISSN: 2181-9297
www.tadqiqot.uz
INTERNATIONAL JOURNAL OF WORD ART

**Лизахан Уразмбетова**
Өзбекистан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм
мәденият институты Нөкис филиалы «Режиссура
көркем өнери» кафедрасы баслығы, доцент

## АКТЁРЛЫҚ ШЕБЕРЛИГИН ӨЗЛЕСТИРИЎДЕ ГҮЗЕТИЎ ШЫНЫҒЫЎЛАРЫ

https://doi.org/10.5281/zenodo.13235199

**АННАТОЦИЯ**

Берилген мақалада актёрлық шеберлигиниң тийкарғы элементлериниң бири болған «гүзетиў» шынығыўларының дәслепки биринши басқыштағы дөретиўшилик дәўирдиң әҳмийети ҳаққында айтылады. Бул шынығыўларда әсиресе ҳәйўанатлар дүньясын бақлаў, олардың, олардың минез кулқы, жүрис турысы,сыртқы келбети, пластикасы, көз-қарасы, ис-ҳәрекетлерин гүзетиў ҳәм үйрениў - актёрдың образ жаратыўындағы тутқан орны ҳаккында кең тусиник бериледи. Гүзетиў шынығыўларынан, тәбиятты гүзетиў, адамларды гүзетиў, әтирапты гүзетиў сыяқлы болған түрлери ҳаққында сөз етиледи.

**Гилт сөзлер**; Актёр, гүзетиў, ҳайўанат, ҳәрекет,тәбият,инсан, өмир, кәсип, талант, объект, театр, пластика, мимика.

---

**Lizakhan Urazmbetova**
head of the department "Art of directing" of the Nukus
branch of the State Institute of Art and Culture of Uzbekistan

## OBSERVATIONAL LESSONS TO IMPROVE ACTING SKILLS

**ABSTRACT**

This article talks about the importance of learning "observation", which is one of the important elements of acting, in the first stage of the four-year period. These classes provide a broad understanding of observing and studying the animal world, their behavior, appearance, plasticity, eyes, actions, as well as the role of the actor in creating the image. We are talking about types of observation, such as observation of nature, observation of people and observation of circumstances.

**Key words**; Actor, journal, animal, action, nature, human, life, profession, talent, subject, theater, plastic, mimicry.

---

**Лизахан уразмбетова,**
заведующая кафедрой «Искусство режиссуры»
Нукусского филиала Государственного института
искусства и культуры Узбекистана

# НАБЛЮДАТЕЛЬНЫЕ ЗАНЯТИЯ ДЛЯ СОВЕРШЕНСТВОВАНИЯ АКТЕРСКОГО МАСТЕРСТВА

**АННОТАЦИЯ**

В данной статье говорится о значении обучения «наблюдения», которая является одним из важных элементов актерского мастерства, на первом этапе четырехлетнего периода. На этих занятиях дается широкое понимание наблюдения и изучения мира животных, их поведения, поведения внешнего вида, пластики, глаз, действий, а также роли актера в создании образа. Речь идет о видах наблюдении, таких как наблюдение природы, наблюдение людей и наблюдение обстоятельства

**Ключевые слова:** Актер, журнал, животное, действие, природа, человек, жизнь, профессия, талант, предмет, театр, пластика, мимика.

---

Актёр қандай образды сәўлелендириўи қарамастан, ол өзлигинен, өз сезимлеринен, өзиниң ишки кеширмелеринен келип шығыўы керек. Актёрдың роль устинда ислеўиниң қыйыншылығы ҳәм мүшкил процесси, дәслеп студентти албыратып қойыўы, актёрлық өнери методикасына исенимсизликти оятыўы мумкин. Студенттиң педагог тәрепинен берилип атырған ўазыйпалар әҳмийетин тереңнен түсинип жетиўи ушын жүдә көп түрли шынығыўлар, көрсетпелер ҳам педагогтың зийреклиги талап етиледи.

Актёрлық көркем өнери бойынша өткерилетуғын дәслепки шынығыўларда педагоглар тәрепинен гүзетиў шынығыўлары алып барылады. Гүзетиў шынығыўлары бул қандай да бир объектти терең үйренип болып, оны сахнада атқарыў арқалы жүзеге шығарыўы.

Гүзетиў шынығыўларының бири- этирапты, тәбиятты гүзетиў. Бул процессте студент жалғыз халда тәбияттың белгили бир көринисин тыныш ҳәм дыққат пенен гүзетиў мүмкин. Бунда тәбияттың гөззалығын көриў, тәбият ҳаўазын еситиў, тәбиятты сезиниў, тәбият арқалы ийис сезиў, тәбият арқалы дәм билиў сыяқлы актёрлық шеберлигиниң тийкарғы элементлерин беккемлеп барады.

Ҳайўанат әлемине көбирек итибар - гүзетиў шынығыўларында өз әҳмийетине ийе. Гүзетип атырған ҳәр бир ҳайўанның минез-қулқын, жүрис-турысын, тек ғана сол ҳайўанға тийисли болған ҳәрекетлерди, көз қарасларды, аў қылыў тәризин, аўқатланыўын, оның ең раўажланған органын табыўды үйрениў, келешекте атқаратын рольдиң характерин табыўға тийкар болады.

Ҳайўанлардың психологиялық жағдайын көрсете турып, биз адамлардың юморлық ҳәм сатиралық минез-қулқында да көрсетиўимиз мүмкин. Көркем өнер институтында студентлер ҳайўанлар минез-қулқын, ҳәрекетлерин көрсетиў арқалы олардың адамларға уқсас тәреплеринде көрсетиўге ҳәрекет етеди. Адамҳайўан келбетинде пайда болады. Студент, бундай шынығыўлар физикалық ҳәмде психологиялық басымнан азатлық, студентлерди сахнада өзлерин еркин сезиўлерине жәрдем береди.

Ҳақыйқатында да актёрлық өнерин ийелеўде инсан қоршаған орталықтағы жеке жанлы жәнликлердиң қылық-қылўаларынан баслағаны жақсы болады. Шыныгыўлардың мақсети де усындай кәмилликти аңлап жетиў, оның айырым тәреплерин әмелде сынап көриў арқалы гүзетиўшилик қәбилийетин жүзеге шығарыўдан ибарат. Ҳайўанатлар әлемин гүзетиў шынығыўына қойылатуғын және бир ўазыйпа, актёрдың басқа қыяпаға (түске) кириўиниң басланғыш элементлерин өзлестириўди үйретиўден ибарат. Ҳайўанатлар әлемин гүзетиў ҳәм ҳайўанлардың ис-ҳәрекетлерине еликлеў болажақ актёрдың пластикасы, мимикасы ҳәм көриў, еситиў, сезиў сезимлерин күшейтеди.

Бул шынығыўларды үзликсиз тәкирарлап барыў нәтийжесинде, ҳайўанлардың минез-қулқына уқсас характерли адамларды табыў, оларды гүзетиў нәтийжесинде әмелиятта қандай да бир ўазыйпаны орынлаў актёр гүзетиўшилик көнликпесин беккемлеп, асырып барыўы мүмкин.

Гүзетиў шынығыўларында ҳайўанат әлеминдеги, ҳәр бир ҳайўанның өзгеше раўажланған органын табыў, келешекте роль характерин табыўға тийкар болады. Ҳайўанат әлемин гүзетиў шынығыўларына қойылған және бир ўазыйпа, актёрдың басқа көриниске

кириўиниң дәслепки элементлерин өзлестириў басқышда усы шынығыўда қәлиплеседи. Гүзетиў шынығыўларын алып барып атырған педагог студентлерде гүзетиўшеңлик ҳәм сол арқалы актёрлық шеберлигин жетилистириў ушын төмендеги процесслерге дыққат аўдарыўы керек:

Ең дәслеп гүзетиў бул шынығыў екенлигин дурыс түсиндириў

Студентлерде тәбиятқа болған меҳрин жәнеде күшейттириў

Тәбият коринисин гүзетиўде тәбият пенен “сәўбет қурыў”

Бул шынығыўлар студентти жәнеде өз үстинде ислеўге талпындыра алыўы ушын педагог тәрепинен әмелий шынығыўлар тез-тез алып барылыўы керек. Актёрлық шеберлиги шынығыўларында образдың негизин табыўда шынығыў аңсат болыўы ушын жәниўарлардың образына кириў усыллары пайдалы есапланады. Ҳәр қандай адамды қайсыдур жәниўарлар менен салыстырыў мүмкин, бул болса студенттиң ис-ҳәрекетлеринде жанлырақ болып, уялшақ ҳәм тартыншақлықты жеңиўде жәрдем береди. Студент гүзетиў шынығыўларын таярлаўда төмендеги бағдарлардың бирин таңлап дөретиўшилик қадагалаў жумысына таярланыўы мүмкин:

Талантлы студентлер этюдды да кәмине келтирип атқарыўы гүзетиў шынығыўларын жақсы орынланыўының арқасында болады. Түлки, жылан, қасқыр, арыслан сыяқлы ҳайўанларды ҳийлекерлик, шаққанлық ҳәм зийреклик ҳәр қандай жағдайлардан усталық пенен жол таўып шығып кететуғын, өз жумысына пысық инсанларға салыстырады яки уқсатады. Соның ушын болса керек айрым адамларды ҳайўанға салыстыратын ушырма сөз ҳәм нақыл-мақаллар халқымыз арасында көп ислетиледи.

Негизинде ҳәр бир ҳайўан да инсан да улыўма биологиялық жәнликлер өмири даўамында гүресип жасайды. Өмир – бул гүрес деп соннан айтылса керек. Ҳайўанлардың минез-қулқына сәйкес ҳәрекетлер таўып, олардың көз-қарасы, пластикасы, сыртқы фигурасы, аў қылыў ҳәм аўқатланыў менен байланыслы ўақыяларды этюд сыпатында орынласа, тийкарғы бағдар онда қандай да бир қарама-қарсылық болыўы керек. Гүзетиўде әҳмийетке ийе бууынлардың бири, логикалық есапланады. Егер студент өз турмыслық гүзетиўлери тийкарында сахнада қандайда бир ўақыя яки предмет, ҳайўанды жеткерип бериў процесссинде логикасызлыққа жол қойса, онда ол орынлап атырған ис-ҳәрекетлердиң мақсет идеясына зыян жетеди.

Театр репертуарларында түрли миллетке қараслы спектакллер болады. Актёр жәнe болып атырған ҳәдийсе, қубылыслардың себеп, мазмунын излеўге, түсиниўге умтылады. Инсанларды гүзетиў –актёр шеберлигиндеги тийкарғы элементлердиң бири есапланады.

Бердақ атындагы Қаракалпак мәмлекетлик академиялық музыкалы театры сахнасында Мустай Каримниң “Ай тутылган тунде” спектакли Өзбекстан халық артисти, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, режиссёр Нажиматдин Ансатбаев тәрепинен сахналастырылды. Спектакльдеги орайлык рольлердин бири “Дийўана”-образы. Дийўана образын- актёр Қаракалпақстан халық артисти Балтанияз Қайпов жүдә шеберлик пенен аткарып шықты. Бул жерде “актёрдын озинен келип шыгып” ойнады деп емес, ал оз ролин “излеп, ақтарып табыўы” нан келип шықты десек қәтелеспеймиз. Себеби Б.Қайпов пенен сәўбетлескенимизде: бул «Дийўана» роли ҳаккында жүдә толқынланып «Бул мениң жақсы көрген рольлеримниң бири. Бул рольди ойнаўым ушын көп излендим. Инсанларды, әтирапты гүзеттим. Гүзетиўден тоқтамадым. Нөкисте көше аралап сөйленип жүретуғын «Үсен жилли» деген адам бар еди. Универмагтың қасындағы шайхана беттен оны таўып алып, ҳәр күни ушырасатуғын болдым. Оның ис-ҳәрекетлери, сөзлери, жүрислерин гузетип, үйрене баслaдым. Бул гүзетиўлер «Дийўана» ролине мени жақынластырғандай болды. Оны аўқатландыраман, аўқатланып отырып, қылықларын, қыймылларын, жүзиндеги өзгерислерди гүзетемен. Сөйлесип, ананы-мынаны айтысып отырып, пьесадағы «бүгинлери периштелерди көрип турсаң ба?» деген сораўды беремен. Мен өзим усы репликаға келгенде не ислеримди, бул сораўға қалай, қәйтип жуўап бериўди ҳәр қыйлы етип тәкирарлап көргенмен. Бирақ ҳеш кеўлим толған емес еди. Үсенниң буған қалай жуўап бериўин күттим. Онын жүзлериндеги өзгеристи гүзеттим. Ол узақ ўақыт жоқарыға қарап ойланып қалды. Кейин жоқарыдан бир

нәрсени излегендей болды да маған «Яқ, бүгинлери көрмей атырман» деп жуўап берди. Мен бул «Дийўана» ролин жаратыўда, усы Үсенди гүзетиўимнен, образды жаратыўда көп тәсиршең элементлерди алдым, жуўмақ шығардым, жүрислерimди, ҳәрекетлерimди усы Үсеннен алдым, оны байыттым, нәтийжеде «Дийўана» образы мен ушын ең бир қәдирли рольлеримниң бири болып қалды.» дейди.

Демек, студент өмирди, әлемди, адамлар ҳәм ҳайўанларды, жансыз предметлерди гүзетер екен зийреклилик, дыққаттан басқа логикалық тәреплерин излеўи, үйрениўи ҳәм еслеп қалыўы керек болады. Бул жоқарыда Балтанияз ағаның айтқанындай- Актёр өмири даўамында турмысты, инсанларды гүзетиўден тоқтамаўы керек. Гүзетиў интеллекти актёрдың тәбиятында бар болыўы ҳәм оны актёр барлық дөретиўшилик процессинде раўажландырып, өткир болыўы ушын пышақтай егеп барыўы зәрүр. Сахна тәрбия дәргайы принципине әмел етер екенбиз, демек биз танлаған үзинди де ҳәм тәрбиялық, ҳәм мәнәўий жақтан жоқары билимге сүйенген болыўы керек. Пьеса анализинде шығарма идеяси ҳәм мақсетине айырықша пәт бериў керек. Сонлықтан да, гүзетиў дөретиўшиликтиң шәртли талапларынан бири болып қала береди.

**Пайдаланган әдебиятлар:**


1. Ж.А. Маматқосимов “Актёрлик маҳорати”. Тошкент 2019.
2.О. Дадамирзаев “Актёрлик маҳорати”. Тошкент 2009.
3.Л. Уразмбетова “Актёр шеберлиги”. Ташкент 2020. “Наврўз” баспасы
4.Р.Қодиров “Актёрлик маҳорати”. Тошкент 2017.
5.И. Пўлатов “Сахна нутқи”. Тошкент “Ўқитувчи” 1994-ж.
6.Г. Ҳолиқулова “Сахна нутқи”. Тошкент “Карлоо” босмахонаси, 2008 ж
7.М. Абдуллаева “Актёр маҳорати мактаби”. Тошкент- 2011ж.
8.Л.Уразмбетова. Г.Бекниязова. «Драмалық шығармалар устинде ислеў». «Маданият шаррахалари» журнали.Ташкент-2022. 4-жилд,3-номер.15-19 бет.

ISSN 2181-9297
Doi Journal 10.26739/2181-9297

# СЎЗ САНЪАТИ ХАЛҚАРО ЖУРНАЛИ

7 ЖИЛД, 3 СОН

# МЕЖДУНАРОДНЫЙ ЖУРНАЛ ИСКУССТВО СЛОВА

ТОМ 7, НОМЕР 3

# INTERNATIONAL JOURNAL OF WORD ART

VOLUME 7, ISSUE 3

**Контакт редакций журналов. www.tadqiqot.uz**
ООО Tadqiqot город Ташкент,
улица Амира Темура пр.1, дом-2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; E-mail: info@tadqiqot.uz
Тел: (+998-94) 404-0000

**Editorial staff of the journals of www.tadqiqot.uz**
Tadqiqot LLC The city of Tashkent,
Amir Temur Street pr.1, House 2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; E-mail: info@tadqiqot.uz
Phone: (+998-94) 404-0000